THE LEGAL AID SOCIETY
Justice in Every Borough.

**Li nga wara xam ci juroom benn fukki fan yi ñu la yegal ci wàllu dëkkuwaay bu fekkee ni sa waa kër dañu am ay xale ?**

Niw Yoork Siti mi ngi jébbal ay yegle ci wàllu dëkkuwaayu juroom benn fukki fan jëme ko ci waa kër yiy dund ci dëkkuwaayu daw laqu yi te ñu agsi ci Reew yu booloo yu Amerig ci bu fukki fan ak juroom ci weeru Maars 2022 weesoo te ñu ragala dellu seen réew. Yëgle yi ci wàllu dëkkuwaayu juroom benn fukki fan yi dafay xamal waa kër yi ni seen nekk ci dëkkuwaayu daw laqu yi ci juroom benn fukki fan la yam.

**Kan moo wara jot yegle ci wàllu dëkkuwaayu juroom benn fukki fan yi ?**

Boo nekkee ak sa waa kër ci dëkkuwaayu daw laqu bu HERRC, di nga jot yegle ci wàllu dëkkuwaayu juroom benn fukki fan yi. Bu fekkee ni yaa ngi dëkk ci dëkkuwaayu daw laqu bu Niw Yoork Siti Department of Homeless Services ("NYC DHS"), di nga jot yegle ci wàllu dëkkuwaayu juroom benn fukki fan ludul bu fekkee ni yaw wala kenn ci sa waa kër dafa laaj ndimbal bi ñu naan Cash Assistance ci Human Resources Administration ("HRA"). Boo dëkkee ci dëkkuwaayu daw laqu bu NYC DHS te fekk ni kenn ci sa waa kër dafa laaj ndimbal bi ñu naan Cash Assistance ci HRA, di nga nekk ci dëkkuwaay bi ci lu amul àpp te doo jot yegle ci wàllu dëkkuwaayu juroom benn fukki fan yi.

**Lan la àppu juroom benn fukki fan di tekki ci yegle bi ci wàllu dëkkuwaay ?**

Mi ngi tekki ni am nga juroom benn fukki fan ci lu gëna bari tàmbalee ko ci bes bi ñu la yëgalee ni mën nga nekk ci sa dëkkuwaayu daw laqu. Bu juroom fukki fan weesoo, mën nga dellu ci santar bi ñu naan  Arrival Center ba ca Roosevelt Hotel ngir bindu waat boo soxla wee beneen dëkkuwaay.

**Ndax mën nañu maa yokkal samag nekk ci dëkkuwaayu daw laqu bi lu epp juroom benn fukki fan ?**

Mën nañu la yokkal diir bi ngay nekk ci dëkkuwaayu daw laqu bi boo bokkee ci ñii :

**Boo nekkee ci dëkkuwaayu daw laqu bu NYC DHS te fekk ni yaa ngi jariñoo ndimbalu Cash Assistance**

Bu fekkee ni waa kër ngeen bu dëkk ci këru daw laqu bu NYC DHS te fekk ni yeena ngi jot xaalis ci nguur gi jaaree ko ci porogaraamu HRA bu ñu naan Cash Assistance wala Safety Net Assistance, mën nga wey di nekk ci sa dëkkuwaayu daw laqu ci lu amul àpp.

**Jigéenu biir ak xale yu nekk ci dëkkuwaayu daw làqu yu HERRC**

Jigéenu biir yu tollu ci seen ñetti weer yu mujj yi ak xale yu amagul juroom benn weer war nañu am ci saasa ak jagle ci tërëlinu juroom benn fukki fan yi. Ñii warnañu nekk ci seen dëkkuwaayu daw laqu ba kerook xale bi di am juroom benn weer.

**Laago**

Bu fekkee ni kenn ci sa waa kër dafa ame laago, mën nañu yokkal waa kër gi yepp seen juroom benn fukki fan yu ñu leen yëgaloon. Bu fekkee ni laago bu fes la (lu mel ni toog ci puus-puus), soxlawu loo wut firnde ci sa laago. Bu fekkee ni laago bi fésul, nit ku ame laago bi war na wut ab bataaxal bu bàyyikoo ci ab fajkat (wala kuy ligeey ci wàllu faj ku mësa toppatoo nit ki ame laago) buy leeral luy tax waa këru nit ku ame laago ki soxla ñu yokkal leen. Bu dëkkuwaay bi jàppandee, waa kër gi yépp dinañu leen yokkal seeniy juroom benn fukki fan yu ñu fay nekk. Xamal ni: Ame laago rek doyul ngir ñu yokkal la; kayit yi warnañu leeral luy tax ñu wara yokk ngir nit ki ame laago.

**Lan laa wara def bu fekkee ni sama waa kër jot nañu yegle ci wàllu dëkkuwaayu juroom benn fukki fan ?**

Boo amee yelleef ci jot ndimbalu Cash Assistance te fekkul nga jébbal ab laaj, war nga bindu ci nu mu gëna gaawe. Lu ko moy, Meer bi mi ngi xaar ci yaw nga wut beneen dëkkuwaay, nga sàkku ndimbal ci ligeeykat yi ci wàllu ndimbal ak ci kureel yiy ligeey te sàkkuwuñu ci alal, te nga jéema dem ci bepp ligeey bu jàppandi wala lekkool bula mena genne ci dëkkuwaayu daw laqu bi. War nga mena séq waxtaan ak kiy toppatoo say mbir ngir waxtaane yeneen xeetu dëkkuwaay yoo mena am. Boo xamee ni soxla nga ñu yokkal la ndax kenn ci sa waa kër dafa ame laago, war nga wax ak kiy toppatoo say mbir wala ligeeykat yi nekk ci bérab bi saa boo ko mënee ci wàllu nak anga mena sàkku wee dëkkuwaay bu baax.

**Nak laay xamee ni yayoo naa ndimbalu Cash wala Safety Net Assistance ?**

Yayoo nga ko bu fekkee ni dangaa bindu ngir am làquwaay wala ngir am nekkin bi ñu naan Temporary Protected Status te fekk nga matal sart yi. Mën nga ko yayoo tamit ngir yeneeni sabab. Mën nga bindu ngir ndimbalu Cash Assistance ci HRA ngir jot ko. HRA dina jel fanweeri fan ngir toppatoo say kayit, kon war nga bindu ci nu mu gëna gaawee bu fekkee ni yayoo nga ko.

**Nak lañuy bindu wee ngir ndimbalu Safety Net Assistance ?**

War nga bindu ba noppi. Mën nga bindu ci internet ciACCESS HRA, ci sa teewaay ci bepp santarHRA Benefits Access Center, wala nga sotti abkayit buñu sottinga yonnee ko bataaxal ci bepp santarHRA Benefits Access Center. Boo soxla wee ab kayit bindu buñu sotti wala nga am looy leerlu lu mu mëna doon, man nga jokkoo ak buumu telefoŋ HRA Infoline ci 718-557-1399.

Boo jebbalee sa bindu ba noppi, war nga jébbal kayit yu ñuy sàkku. Mën nga sottee kayit yi ci aplikaasiyoŋ AccessHRA boo fotowu wee ak sa telefoŋ.

War nga amal ab séq waxtaan tamit ngir ñu toppatoo sa mbindu. Ngir amal séq waxtaan bi, mën nga jokkoo ak buumu telefoŋ CA Interview Phone Line ci 929-273-1872 diggante Altine ba

Ajjuma, 8:30 ci suba ba 5:00 ci ngoon. Mën na am nak nga wara xaar ay waxtu yu bari laata ngay jokko ak kiy toppatoo mbir ngir def sa séq waxtaan.

Boo bindu wee ba noppi, HRA war na toppatoo say mbir ci diiru fanweeri fan. Bu ñu toppatoo wul say kayit ci diiru fanweeri fan, wala nga soxla ay leeral, na nga laaj ligeeykat yi ci wàllu dëkkuwaay wala nga jokkoo ak buumu telefoŋ bu The Legal Aid Society's Access to Benefits ci 888-663-6880 diggante Altine ba ajjuma, 10:00 ci suba ba 3:00 ci ngoon.

**Numay def buma amul fu ma jëm bu juroom benn fukki fan yi jeexee ?**

Ci juroom benneelu fuki fan bi, war nga dajale sa bagaas yepp, joge ci fa nga dëkk, te nga dem ci bérab bi ñu naan Roosevelt Hotel (ñu xammee ko tamit ci Arrival Center) te mu nekk ci 45 East 45th Street, New York, NY 10007 ngir bindu waat ngir beneen dëkkuwaay. Tere nañu nga bayyi ay bagaas fa nga dëkk nii. Ca bérébu Roosevelt Hotel amna ab bérab buñu jagleel waa kër yu dellu si yi ci bañu matalee seen juroom benn fukki fan. Dinañu la jox lekk ci diir bi ngay xaar ab dëkkuwaay.

**Ndax samay doom dañuy wuute lekkool ci diir bu sama waa kër di bindu waat ca bérébu Roosevelt Hotel.**

Xale yu tollu ci jang mën nañu toog lekkool ci diir bi ngay bindu waat ngir dëkkuwaay ci bu juroom benn fukki fan yi weesoo. Bula Meer bi yobbee ci beneen dëkkuwaayu HERRC, mën nga dem ca saasa ci dëkkuwaay bu bees bi te du jar ngay yóbb sa doom yu tollu ci jàng ca Roosevelt Hotel.

Waaye nak, mën nga amee dëkkuwaay ci tërëlinu NYC DHS bañu baaxoo wala ci ab neegu wotél ci jàppandaluk kureel gañu naan Hotel Association of New York City ("HANYC"). Boo amee ci dëkkuwaay yooyu, dangaa wara yóbb say doom ci bérébu Roosevelt Hotel balaa ngay dem ci sa dëkkuwaay. Ligeeykat yi ci Arrival Center dinañu la wax ndax war nga indi say doom buñu gisee ab dëkkuwaay ngir sa waa kër.

**Ndax danaa mena am beneen dëkkuwaayu suma bindu waate ci bu juroom benn fukki fan yi weesoo ?**

Waaw. Waa kër yu am ay doom yelloo nanu dëkkuwaay ci Niw Yoork Siti, te Meer bi wara na wutal sa waa kër beneen dëkkuwaay boo bindu waate. Dëkkuwaay bu bes bi mën na nek ci HERRC ci diiru juroom benn fukki fan, ci ab wotél ci diiru ñaar fukki fan ak juroom ñett, wala ci dëkkuwaayu DHS si lu amul àpp.

**Ndax mën naa dellu ci sama dëkkuwaay bu njekk ba suma bindu waate ?**

Deedeet. Fiñ tollu nii, Meer bi mayul waa kër yi ñuy dellu ci seen dëkkuwaay yu njekk ya. Di nga am dëkkuwaay bu bes ci benn ci tërëlin yi ci wàllu dëkkuwaay yi ci Niw Yoork.

**Ndax sama waa kër dinañu leen dëkkal ci dëkkuwaay bu jege lekkool bi samay doom di jàngee ?**

Fiñ tollu nii, Meer bi nee na waa kër yi dina ñu leen dëkkal ci gox yi ekkoolu seen doom bi gëna ndaw nekk. Dontale tërëlin boobu mi ngi wey, Meer bi dige wul téye waat waa kër yi ci gox bi

ekkoolu seen doom bi gëna ndaw nekk ci bu juroom benn fukki fan yi ñu yegle weesoo. Ngiy ay leeral yu gëna yaatu ci say yelleefu doom ci wàllu njàng, xoolal : Li Nga wara Xam Ci Say Yelleef Yaw Miy jàng di Doxandeem.

### Lan laay def bu sama waa kër jote bataaxal ci sama dëkkuwaay bu njekk ba?

Sa dëkkuwaay bu njekk ba war na denc sa bataaxal ab diir ci ginaaw boo tuxoo. War nga laaj ligeeykat yi ci wàllu dëkkuwaay balaa ngay dem ñaata diir lañuy teye sa bataaxal bamu wóor la ni doo ñàkk benn kayit bu am solo.

### Ñaata diir la bindu waat bi di am ci bu juroom benn fukki fan yi weesoo?

Mën na def ay waxtu yu bari, waaye ci bes bi nga bindu wee lañu la wara jox dëkkuwaay.

### Ñu bayyi ci xel

Xibaar yi nekk ci kayit bii mi ngi bàyyeekoo ci Legal Aid Society ñu jublu ci ay leeral rek waye nekkul ag xelal ci wàllu yoon. Xibaar yi jublu wu ñu ci lëkkële nit ak ku kay teewal ci wàllu yoon, te jot leen tamit tekkiwul loolu. Waroo di def lenn sukkandiku ci xibaar yi ludul dangaa waxtaan ak ligeeykat buy xelal ci wàllu yoon.